ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№37 (24.163) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек хэтащ къэралым и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэу УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іыг и къуэдзэ Хуснуллин Марат видеоконференц зэпыщІэныгъэ мардэм тету мэлыжьыхьым и 1-м иригъэкІуэкІам.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ «ПсэупІэмрэ къалэмрэ» лъэпкъ проектыр щІыналъэхэм гъэзэщІа зэрыщыхъум.

Виде-премьерым къыхигъэщащ дызэрыт илъэсым и ипэ мазитІым псэупІэу ауухар илъэс кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм яхузэфІэкІам нэхъ р процент 13-кІэ зэрынэхьыбэр. Гъатхэпэм и пэщІадзэм ирихьалІэу къэралым щаташ псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мелуан 11,2-рэ. Экономикэр зыхэхуа гугъуехьхэр ухуэныгъэ Іэнатіэм хэщІыныгъэ имыІэу иджы ипэ дыдэу къыззэринэкІащ, кризисым зэрыпэщІэт Іэмалу къыхалъхьахэм я фІыгъэкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2020 гъэм псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 500 хуэдиз щаташ, ар процентти 5,4-кІэ нэхъыбэщ 2019 гъэм яхузэфІэкІам нэхъри. Илъэсыр кьыззрихьэрэ ухуакІуэ Іуэхущ1апІэхэм фэтэрыщІэу 278-рэ ятащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мин 21,7-рэ хъуэ. Ар процент 19,8-кІэ нэхъыбэщ 2020 гъэм и щІышылэ - мазае мазэхэм ятам нэхъ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Хуэхьэзыру щытыпхъэщ къэхъукъащІэ къыззрымыкІуэхэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету гъатхэпэм и 31-м иригъэкІуэкІащ «муниципальнэ сыхьат» зэІущІэр.

АБы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэ Алим**, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр **Дышэкі Аслъэн**, республикэм щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр **Шаваев Ильяс**, щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэр къыщыззІуихым КІуэкІуэ Казбек щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм гулъытэ хэха хуащІыну яхуигъэуващ мафІэс къэмыгъэхъуным, псыдзэм зыщцыхъумэным зуэунэтІа Іуэхуэхэм я нэІэ трагъэтыну. «Гъатхэр къихьащи, мэхэм мафІэсхэр къыщыхъунымкІэ щІыналъэм хохьуэ, кІэрыкубжьэрыхуэр, итырыгъуэр мафІэм кІэлъымыплІу зэрагъэсым, мафІэс щІыналъэнэщагъэм къигъэув хабзэхэр уэим зэращцым кьыхэкІыу. КъимыдэкІэ, иужьрей мазэхэм уэс куэду къыззресам къишэнкІэ хъунущ псыежьхэхэм зыкъаІэту аэр нэпкъхэм къыщыхэдэуэхыныр. Администрацэхэм я Іэтащхьэхэмрэ зыхуэфащэ министерствэхэм я учІэщІхэмрэ я Іуэхуэр кІэлъыплІыныгъэ тКІийм щІагъэтын хуэйщ, къэхъукъащІэ къыззрымыкІуэхэми хуэхьэзыру щытыпхъэщ», - къыхигъэщащ республикэм и Унафэщ1ым.

Щхьэхуэу хэплъащ лъэс зэпрыкІыпІэхэр щащІкІэ лъэпкъ мардэхэм тетыным теухуауэ УФ-м и Президентым пщэрылъ хъащищІакъэр гъэзэщІа зэрыхъум. Республикэм и щІыналъэхэм лъэс зэпрыкІыпІэу 1272-рэ щыІэщ, абыхэм ящыщу 329-р школхэм ятІэгунэгъущ. Дышэкі Аслъэн зэрыжиІамкІэ, ерджапІэхэм ятІэгунэгъу лъэс зэпрыкІыпІэхэм я процент 77-р щынагъуэншагъэм и мардэхэм тету ящІащ.

КІуэкІуэ Казбек пщэрылъ ящищІащ ерджапІэхэм ятІэгунэгъу лъэс зэпрыкІыпІэ псори дыдэкуэкІуэ гъэ ерджэгъуэщІэм ирихьэлІэу зэІуэзэпщ ящІыну, къимыдэкІэ, илъэсым и кІэ пщІондэ иджырей мардэхэм ирагъэзэгъэн хуейщ республикэм щылажьэ лъэс зэпрыкІыпІэ псори. КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм къыщызэрагъэпэщащ а Іуэхуэр дэтхэнэ муниципалитетми зэрыщагъэкІуэкІ щІыкІэр зи нэІэ щІэтыну лэжьакІуэ гуп. «Мы Іуэхум елъытащ республикэм щыпсэуэхэм, ди сабийхэм я щынагъуэншагъэр - абы къыхэкІыуи а лэжьыгъэхэм текІуэдзэну мылъкур къэгъуэтэу Іуэхуэр зэфІэгъэкІын хуейщ», - къыхигъэщъхьэхуІащ Іэтащхьэм.

Пъэпкъэпроектхэмрэякъэралпрограммэхэмрэ гъэзэщІа зэрыхъум щытепсэлъыхьым КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий жиІащ мы зэманым ирихьэлІэу муниципальнэ зэгурыІуэныгъэу 117-рэ зэрызэращІылІар. Муниципалитетхэм Іэрагъэхьащ сом мелард 1,3-м щІигъу, «Дэтхэнэ зы сабийми и ехъулІэныгъэ», «Щэнхабзэ», «Гъуэгуэр», «Творческэ цІыхуэр», «Псы къабзэ», «Къалэм ущыпсэуну тынш щІыныр», «Ущыпсэуну къемызэгъыж унэхэр нэхъ мащІэ щІыныр» лъэпкъ проектхэр зэпыщІэным къыхуагъэсэбэлыну икІи а лэжьыгъэхэм щІадзащ. КІуэкІуэ Казбек муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм яхуигъэуващ екІуэкІ лэжьыгъэхэр я пІалъэм къитІасэу ятыныкІэ абыхэм я фІагъэкІэ.

Апхуэдэуи КІуэкІуэ Казбек муниципальнэ зэгуэхьныгъэхэм я Іэтащхьэхэм щепсалъэм я гугъу ящІащ республикэм щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэм, гуэргуэхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм, щІыналъэ зыбжанэм зи ухуэныгъэхэр щызэфІэкІа Іуэхущ1апІэхэр лажьэу ятІыпщынымкІэ ехьэлІа Іуэхуэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІагъуэкІэ щІыхуэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Республикэм и Іэтащхьэр сабийхэм я узыншагъэр щызэтрагъэувэж спорт школым щыІащ

КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ щыІащ Налшык къалэм сабийхэм я узыншагъэр щызэтрагъэувэжу дэт спорт школым. Республикэм и Іэтащхьэм щІыкІуэхэм зыщагъасэ пэшхэр къыпІыхьащ икІи спортсмен ныбжьыщІэхэм я ехъулІэныгъэхэм щыгъуазэ зищІащ.

МЫ ІУЭХУЩІАПІЭР хуэщІащ зи лъэр тэмэму къызыдэмыбзэхэр, набгъэхэр, тхьэкІумэжьажьэхэр спортым дегъэхьэхыным икІи абыхэм я узыншагъэр гъэбыдэным. Апхуэдэ сабийуэ школым 98-рэ къокІуалІэ. ЦІыкІуэхэм зыхуагъасэ атлетикэ псынщІэм, шабзэкІэ нэщанэ еуэным, псы есыкІэм, тхэквондэм, мини-футболым, нэгъуэщІхэми.

ЕджапІэм и ІэщІагъэлІэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ апхуэдэу ядолажьэ Спортым зыхуэгъэсэныкІэ центрым, «Спартак» стадионым, «Олимпийский» спорт комплексым, Тырныауз и «Геолог» спорт комплексым къекІуалІэхэм, интернат еджапІэ №3-м, зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэм папщІэ Приближнэ станицым щыІэ школым щІэсхэм. Узыншагъэр зэтеГъэувэным, гъэбыдэным хуэунэтІа спорт лІэужьыгъуэхэм республикэм щыхуагъасэ сабийхэм я бжыгъэр иджыпсту мини 7,5-м ноблагъэ. Зи узыншагъэр зыкІэлъымыкІуэ цыкІуэхэм папщІэ республикэм гъэ къэс спорт зэхьыхэ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэу 30-м щІигъу щокІуэкІ. Ди сабийхэр къыщыхожанык1, щытоки1уэ щІыналъэ, урысейпсо зэхьэзэхуэ куэдым.

Зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийуэ, ныбжьыщІэу, балигъыу нэхъыбэ спортым, къыхэщэныкІэ щІэ хэкІыпІэхэм ятеухуауэ КІуэкІуэ Казбек ечэнджащащ КъБР-м спортымкІэ и министр **Хьэсанэ Ислъамрэ** мы школым и унафэщІ **Кулюшин Александрэ**. А псалъэмакъым хиубыдэу Кулюшин Александр къыхигъэщащ зэхьэзэхуэхэм хэтыныхэм ящыщ куэдым зэхьэзэхуэхэм зыщцыхуагъэхьэзыркІэ ди республикэм щыІэ Іэмалхэр къыззрагъэсэбэпыр, апхуэдэ зэпеуэ инхэм зыкъыщызыгъэлъэгъуэфын щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ди дежи зэрыщыІэр.

Республикэм и Іэтащхьэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, спортым мы и унэтІныныгъэм псом япэу муниципальнэ районхэм, къуажэхэм зыщегъэужьын хуейщ, сыту жыпІэмэ, лъэпкъ программэхэм ямкІэ иткІэ ди жылагъуэхэм спорт Іуэхущ1апІэхэр зыубгъуауэ щацхуэ, щызэрагъэпэщыж. Апхуэдэ Іэмалхэр нэгъэсауэ къэгъэсэбэпын, егъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр гъэхьэзырын икІи зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэхэм ящыщу районхэм щыпсоуэхэр спортым зыубгъуауэ къыхэщэн хуейщ», - къыхигъэщъхьэхуІащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Яковенкэ Вадим Налшык щохьэщІэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыІущІащ Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэхэм лэжьыгъэ Іуэхуэкі мы махуэхэм щыІэ, «Росимущество» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Яковенкэ Вадим.

РЕСПУБЛИКЭМ джкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ ІэнтІныныгъэ зыбжанэм щытепсэлъыхьащ зэІущІэм. Къапщтэмэ, и гугъу ящІащ зи ухуэныгъэр зэкІэ и кІэм намыгъэса объектхэу къэрал мылъкум хагъэхьауэ щытахэр республикэм къетІыжыным теухуа Іуэхуэхэм, а Іуэхущ1апІэхэр щыІыкІыным дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэнхэр дгъэзэкІыным къыхуэгъэсэбэпыным, апхуэдэуи къэрал мылъкуу щыт мэхъумэщ щІапІэхэр республикэм и мылъкум хегъэтэхэжыным.

Зэхуэсым лъэныкъуэхэм щаубзыхуащ зэман гъунэгъум зэфІагъэкІын хуей къалэнхэр, къэрал Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр къэІэтыным, щІыналъэм ухуэныгъэхэр щегъэкІуэкІыным ехьэлІа Іуэхуэхэр.

КІуэкІуэ Казбек «Росимущество»-м и унафэщІым фІыщІэ хуищІащ щІыналъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэм гулъытэ хэха зэрахуищІым, федеральнэ къулыкъущІапІэм и щІыналъэ управленэу КъБР-дей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къыпэщІэкІ къалэнхэр гъэзэщІызэныкІэ зэрызэкъыщІигъакъуэм папщІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ростелекомым и «Ипщэ» Іуэхущ1апІэм и вице-президент Лысов Денис хэкІыпІэхэр къегъэлъагъуэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхуэкі хуэзащ Ростелекомым и «Ипщэ» Іуэхущ1апІэм и вице-президент Лысов Денис.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм телекоммуникацэм зыщегъэужьыным пыщІа Іуэхуэхэм. Абыхэм ящыщу ди щІыналъэм и дежкІэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ социальнэ ІэнатІэм информатизацэр щыхэпщэныр, къапщтэмэ, бюджет Іуэхущ1апІэхэр интернет псынщІэрылажьэмкІэ къызэрагъэпэщыныр, республикэм и щІыпІэ нэхъ пхыдза дыдэхэми интернетыр нэгъэсыныр. Псалъэмакъым къыхэщащ туризмэм и Іуэхущ1апІэхэр нэхъыбэу здэщыІэ щыпІэхэм зыщызыгъэпсэхуэхэр зыхуэй нэхъ хуэзэныкІэ, абыхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэныкІэ интернетыр дэІэпыкъуэгъу зэрыхуфынур.

Информацэм и къэрал системэ зэгуэтым и зыужьыныгъэм и лъабжьэгу щытынур лъэпкъ проектхэрщ. Абы къыхэкІыу мы Іуэхуэр пхыгъэкІыным хуэунэтІауэ тэмэму ядалэжьалъхьэщ хъыбарегъащІэ-коммуникацэ Іуэхутхьэбзэхэр дзэзыгъкІ организацэхэм.

ЗэІущІэм щыхэплъащ ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа къалэнхэр дгъэкІыным хуэгъэзауэ ди республикэмрэ Ростелекомым и «Ипщэ» щІыналъэззхуакъу къудамэмрэ я зэфІэкІхэр зэгъэуІуныкІэ щыІэ зэкІыпІэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Узыншагъэр хъумэным пыщІа ди волонтёрхэр Урысейм щынэхъыфІхэм хабжэ

«Узыншагъэр хъумэныр» лъэпкъ проектым хиубыдэу къызэрагъэпэща лэжьыгъэшхэм кърикІуахэм ямкІ иткІэ «Медицинэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и ушэхуакІуэ Іуэхущ1апІэм и вице-президент Лысов Денис.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм телекоммуникацэм зыщегъэужьыным пыщІа Іуэхуэхэм. Абыхэм ящыщу ди щІыналъэм и дежкІэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ социальнэ ІэнатІэм информатизацэр щыхэпщэныр, къапщтэмэ, бюджет Іуэхущ1апІэхэр интернет псынщІэрылажьэмкІэ къызэрагъэпэщыныр, республикэм и щІыпІэ нэхъ пхыдза дыдэхэми интернетыр нэгъэсыныр. Псалъэмакъым къыхэщащ туризмэм и Іуэхущ1апІэхэр нэхъыбэу здэщыІэ щыпІэхэм зыщызыгъэпсэхуэхэр зыхуэй нэхъ хуэзэныкІэ, гъэр хъумэныкІэ и министерствэм и дэІэпыкъуныгъэкІэ фельдшер-акушер Іуэхущ1апІэу 120-м щІигъум щыІащ. ЩІалэрэ хъыджэбзу 600-м узыншагъэр хъумэныкІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм щІыхуэхэм я узыншагъэр щІэщІыкІыныкІэ ядэІэпыкъуащ. Апхуэдэу ахэр дэІэпыкъуэгъуншэу къэна смаджэхэм якІэпыпІалъэ, профилактикэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр зэфІагъэкІащ.

Мэлыжьыхьым и 1-м волонтёрхэм я урысейпсо лэжьыгъэшхэр ирагъэжьэащ, щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ абы жыджэру хэтщ. Бахъсэн къалэм и район сымаджэщым и лэжьакІуэхэм ящІыгъуу ахэр иджыблагъэ Ислъамей къуажэм и амбулаторэм кІуащ икІи а жылагъуэм дэс школакІуэхэр щІыгъуаз ящІащ сымаджэ хуэахэм пэублэ дэІэпыкъуныгъэ зэрырат щІыкІэм.

«Узыншагъэр хъумэныкІэ пэублэ ІэнатІэм зыщІэрэгъэкъэныр волонтёр зищІысыгъэныгъэм и къэхъулІэныгъэ щІыналъэ зыщІэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и убзыхуакІуэ Къущхьэ Залинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэныкІэ и ІэнатІэм и волонтёрхэм я щІыналъэ зэщІэхъееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и Медицинэ колледжым щеджэхэм я жэрдэмкІэ 2016 гъэм къызэрагъэпэщащ щытащ. Иджыпсту абы щІалэрэ хъыжэбзу миным щигъу къызэщІеубыдэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытыпхъэщ щыгъэзуныным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхуэхэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м кьыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2-нэ пунктым хэт «цІыху 50 нэхърэ мынэхъыбэу» псалъэхэр зэхъуэкІын «цІыхуи 100 нэхърэ мынэхъыбэу» жиІэу;

б) 2.6 пунктым и «а» пункт къуэдзэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «а) зи ныбжьыр илъэс 65-м щІигъуахэу Іэнатіэ Іыныгъэ е гражданн-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ мылажьэхэр, цІыхуэхм яхэмыхьэну зыхуагъэувахэр (гуэдзэн №2) адэкІи тетын хуейщ узыфэм зыщахьумэным хуэгъэпса хабзэм, щыпсэу (здэщыІэ) щІыпІэхэм икІ хъунукъым, абыхэм я гъащІэм е узыншагъэм шынагъэ къытехьэу щымытмэ, ауэ цІыху куэд щызэхьихьэ щІыпІэхэм мыкІуэу жьы къабзэкІэ бауэ хъунущ). Узыфэм зэрызыщахъумэ мардэхэр къыщызэрагъэпэщын хуейщ ахэр щыпсэу щІыпІэхэм, нэгъуэщІ унэхэм, абыхэм псэупІэхэри хадэхэм хэт унэхэри хьихьэу. Мыпхуэдэ мардэхэр яхуэгъэзакъым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэм зыщымыгъэубгъуным хуэгъэзэ профилактикэ лэжьыгъэхэр щегъэкІуэкІыным, абы теухуа хабзэр щыгъэувыным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхуэхэр зэкІэлъызыгъакІуэ оперативнэ штабым абыкІэ хуит ищІахэм;»;

в) 8-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьыныкІэ и министерствэм», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхуэхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэзыщІэ Іуэхущ1апІэхэм,» псалъэхэр хэгъэкІын.

2. Мы Указым къару егъуэт 2021 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№36-УГ

● КъБР-м и Парламентым

Къару псори ехьэлІэн

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт Іуэхуэхмкі и комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур къыззрыхигъэщамкІэ, сатум и зыужьыныгъэр елъытащ зэран ямыІэу я лэжьыгъэр къыззрызэрагъэпэщым, ауэ абы къэрал Іуэхущ1апІэхэм я хуэ хамылъхьэуи хъунукъым. Апхуэдэуи законодательнэ, нормативнэ лъабжьэ егъэгъуэтауэ сатур къызэгъэпэщыпхъэщ икІи административнэу зэрытракъуэр гъэмэщІэн хуейщ.

КъБР-м промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сату Іуэхуэхмкі и министр **Іэхъуэбэч Щамил** тепсэлъыхьащ республикэм сатум щигъуэта зыужьыныгъэм, тыкуэныщІэхэр, нэгуэгъуэужьыпІэхэр зэраухуэм, сату щапІэхэр щахуакІуэхэм нэхъ яГунэгъуу къызэІуихыныпэ апхуэдэхэм я теплъэхэр егъэфІэкІуэныкІэ теухуауэ зэфІагъэкІым.

2020 гъэм республикэми дуней псоми я экономикэр зыкъомкІэ къызэтеувыІауэ щытащ коронавирусым и зэранкІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрми сату щапІэхэмрэ шхапІэхэмрэ зэхуащІауэ зэрыщыщытам къыхэкІыу 2019 гъэм елъытауэ нэгъабэ и мэлыжьыхьым сатум зэблигъэкІыр ехуэхат процент 66,9-кІэ. Апхуэдэу къыкІэлъыкІуэ мазитІри екІуэкІащ.

- ХьэрычэтыщІэхэм зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэр къыззращтам, апхуэдэуи 2020 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщІадзауэ язныкьуэ Іуэхущ1апІэхэр лэжьэну хуит зэрращІыжам и фІыгъэкІэ дыгъэгъазэм ирихьэлІэу сатум кьилэжьар процент 95,2-рэ хъуащ. Рынокым хэмыту зи лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ хьэрычэтыщІэхэмрэ сату щапІэхэмрэ процент 67,3-р хуоэз, жармыкІэхэмрэ зэрыщыІыгъуу зыщІэхэмрэ - процент 32,7-рэ. 2020 гъэм ящхьэм къыпэкІуащ сом мелард 134,3-рэ, а щІыкІыпІэ-мазае мазэхэм - сом мелард 21,5-рэ. Республикэм щыпсоуэхэм ерыскъыкІыу ящхьэщ сом мелард 10-рэ мелуан 695-рэ я уасэ, ар 2020 гъэм и ипэ мазитІым нэхърэ процент 0,4-кІэ нэхъыбэщ. Хъэпшыпу ящам и бжыгъэр проценти 3,1-кІэ хэхъуащ икІи сом мелард 10-рэ мелуан 810-рэ къыпэкІуащ, - жиІащ къэпсэлъам.

Министрым дыщІигъуащ 2021 гъэм сатур и пІэ зэриувэжар икІи илъэсым и кІэм къалэжь хабзэм ар теувэжыну зэрыщыгугъыщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэсым и кІуэцІкІэ жармыкІэу 19 къыщызІуах, пІалъэкІэ ягъэув сату щапІэу 520-рэ, мобильнэ сату щапІэу 34-рэ мэлажьэ.

Коронавирусым зыщыубгъу зэманым республикэм и тыкуэнэм махуэ къэс къыщапщытащ хьэпшыпхэр ирикъуу зэраІэмрэ абыхэм я уасэхэр зыхуэдизымрэ. Урысей Федерацэм Промышленностымрэ сату Іуэхуэхмкі и министерствэм сату Іуэхущ1апІэхэм пщэрылъ ящищІащ шхын, хъэпшып гъэтІылъыгъэхэр зэпымыууэ яІэну, я Іуэхутхьэбзэхэр цІыхуэхэм я унэм зэрырахьэлІэ Іэмалхэр къагъэсэбэпыну, уасэхэр драмы-гъэуеину.

2020 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м КъБР-м и Правительствэм и унафэ №211-рп-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэбелджылащ коронавирусыр нэхъыбэу зэран зыхуэхъуа Іуэхущ1апІэхэр. Абыхэм ящыщщ шхапІэхэр, Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр цІыхуэхэм яхуэзыщІэ ІэнатІэхэр, хьэпшып зэхуэмыдэхэр зыщІэхэр.

Ахубековыр щхьэхуэу къытеувыІащ уасэхэр зэрыхагъахьэуэм зэрыкІэлъыплъ щыкІэмэ. Мы зэманым йолэжь фошыгъэмрэ дагъэмрэ я уасэм зэрырамыгъахъуэным. Апхуэдэу фошыгъу килограммым сом 46-рэ, дагъэ зы литрым сомми 110-рэ нэхъыбэ хуагъэзэну хуимыту яубзыхуащ.

Министрыр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сату Іуэхум зэрызрагъэужьыну щыкІэм, ахъшэр зэІэпамылхыу зэрызыхуагъакІуэ Іэмалхэр къагъэсэбэпыным зэрызэтраублэным.

Республикэм сатум зэрызыщижьым, коронавирусым зыщыубгъу зэманым хьэрычэтыщІэхэм зэрызыщІагъакъуэм теухуауэ я Іуэху ещІыжьыным хуэмынэрылъ щэхуакІуэхэм я хуитныныгъэхэр хуэмынэрылъ щІэлъыплъыныкІэ Іэмалхэр къагъэсэбэпыным зэрызэтраублэным.

Республикэм сатум зэрызыщижьым, коронавирусым зыщыубгъу зэманым хьэрычэтыщІэхэм зэрызыщІагъакъуэм теухуауэ я Іуэху ещІыжьыным хуэмынэрылъ щэхуакІуэхэм я хуитныныгъэхэр хуэмынэрылъ щІэлъыплъыныкІэ и ІэнатІэм и Іэщ1агъэлІ-эксперт **Чэртбий Мадинэ**.

ЗэІущІэм хэтахэр къытеувыІащ ерыскъыкІэхэм я сатум щыкъагъахъуэ щыхьэусыгъуэхэм, республикэм и сатум зэрызизужьым коронавирусыр зэран зэрыхуэхъум, хьэрычэтыщІэхэм зэрадзІэпІэкъым, нэгъуэщІхэми.

Іэпщэ Заур зэІущІэр щызэхуищІыжым кьыхигъэщащ республикэм и экономикэм дежкІэ сатум мыхьэнэшхуэ зэриІэр, абы кьыхэкІыу а учэщІхэм зэрыхуэкІ.

ЖаІахэр кьызэщІакъуэжа нэужь, депутатхэм яГъэбелджылащ Іуэхур зи нэІэм щІэт ІэнатІэхэр зэлэжьыпхъэхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Юбилей

Зытелажьэ Іуэхур цІыхубэм зэхащІыкІ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт ХьэфЫщІэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъуам и щІыхькІэ къыІэрыхьэ хъуэхъуэхр иджыри зэпыуакъым.

МЫ МАХУЭХЭМ абы къыхэкІуэ телеграммэхэмрэ хъуэхъу псалъэхэмрэ нэмыщІ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Абазашта», «Горянка» газетхэм, Лэскэн къыщыдзкІ щІыналъэ газетым, «КъБР-Медиа» Іуэхущапіэм, КъБР-м и Журналистхэм я Союзым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, «Черкес FM» радиом, Урысей Арктокомитетым, Кэнжэ Щэнхабзэмкіэ и унэм, Зеикъуэ, Хьэтуей, Кьыщпэк къуажэ библиотекэхэм, нэгъуэщІхэми Инстаграмым щаІэ напэкІуэцІхэм хъуэхъу псалъэ дахэхэр кьралъхьащ, Фейсбукым къитІыхьа тхыгъэм къыхуэзэзы куэд къыкІэщІэтхьащ.

Апхуэдэуи ХьэфЫщІэм и интервьюр къытрадзащ Тыркум къыщыдэкІ «Жьынэпс» газетым. Сенатор Къаноокъуэ Арсен езым къыхуигъэхьа тхыгъэм нэмыщІ, дуней псор щыІэзыщІэ Интернетымкіи къехъуэхъуащ.

Социальнэ сетхэм къралъхьа апхуэдэ «постхэм» псалъэ гуапэ, уцІэгушхэн куэд къыхуэкІэщІатхащ ХьэфЫщІэм. И ныбжьэгъуэхэм, и лэжьэгъуэхэм нэмыщІ и тхыгъэхэмкІэ, и къулыкъуэхэмкІэ къэзыцІыхуа цІыхубэм я фЫщІэмрэ щытхъумрэ зэрыгъуэнэшэр нэрылъагъут мы махуэхэм. Апхуэдэуи, къэрал куэдым къыІэзрыщаЦІыхуи и нэщэнэу, Израилым, Тыркум, Сирием, Америкэм, Германием, Иорданием, нэгъуэщІ къэралхэм, Урысей Федерацым и къалэ зэмылІэужьыгъуэхэм къратхыкІащ.

Абыхэм яхэтт Мухьэмэд зи цІыхугъэхэри, и щхьэкІэ ямыцІыхуу, и цІыкІэ зэхьэщІэхэри, нэхъыщхьыфІхэри, нэхъыщІэхэри. Псоми я хъуэхъу псалъэм щыгъуэр зыт - ар лъэпкъыпІ нэсу зэрыщытымрэ хэкупсэ нэгъэсауэ и ГъащІэр къыІэзригъэщІамрэ. Уи Іуэхущапхэкіэ апхуэдиз цІыхур арэзы къэпщІыныр, уи цІыхугъэм апхуэдизу фЫщІэ къриблрэжьныр Іуэху къыІэзрыгуэкІкъым.

Мухьэмэд и гъащІэ псом зытелэжьа Іуэхур цІыхубэм зыхащІыкІащ, уеблэмэ абы и дуней тетыкІэм ирипагэр куэдщ. Апхуэдэлі адыгэм къыІэзрыхэкІам иригушхуэу зэрыщытыр кьатх зэпытщ.

Адэ, адэшхуэ гумащІэу зэрыщытым къыщригъажьэри, пщІэшхуэ зиІэ эхкулі нэс хъуащ, и цІэм дунейпсо статус иГуэтащ. Абы щыхьэт тохъуэ Иорданием щыпсэу и пхъурылху пщащэ Санэ и адэшхуэм къыхуитха псалъэ Іэфіхэмрэ адыгэу дунейм тетым къыхуагъэфэща псалъэ гупхэмрэ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● ЩІыуэпс

Бзухэм я дунейпсо махуэ

Ялэ дыдэу ар гъэлъэпІэн щыщІадзар Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хьыхь Пенсильвание щІынальэм ит Ойл-сити кьалэ щыкІуащ. 1894 гъэм абыкІэ жэрдэмыр къыхэзыльхьар а щІыпІэм курыт егъэджэныгъэмкІэ и инспектор Бэбкок Чарльзщ.

БЗУХЭМ я дунейпсо махуэр (International Bird Day) иужькІэ Европэм нэсащ. Иджы ар илъэс къэс дуней псом щагъэлъапІэ, ЮНЕСКО-м «ЦІыхумрэ биосферэмрэ» и программэм ипкъ иткІэ.

Ар къыхэзыльхьауэ щытахэм ауэ сытми къыхахакъым: мэлыжьыхьым и пэщІэдзэ махуэр мы зэманым щыпІэ хуабэхэм кьолъэтыкІыжри, бзухэм ди бжьагъэхэр.

Ди къэралми зыщеубгъу

Дамэ зытет псэущхьэ цІыкІухэм ядэІэпыкъуным теухуа гупсысэр 20-нэ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм ди къэралми къэсащ. 1910 гъэм школ егъэджакІуэ Бузук Пётр езыр зыдэс Хортицэ къуажэм къыщызэрыгъэпэщауэ щытащ, бзу абгъуэр дамыгъэ зыхуищІа, ЩІыуэпсыр зыхъыжьэм я зэгухэныгъэр. Абы хэтхэм къуалхэр кьрашалІэрти ягъашхэрт, адэ-мыдэкІэ уна цІыкІухэр щыхуфІадзэрт.

1917 гъэм екІуэкІа революцэм а къызэгъэщынагъэр дэкІуэдыжащ. Арщхьэкіэ къуэнэхуа къэралыгъуэщІэми мы Іуэхур Іэщ Іыб ищІакъым. 1924 гъэм и гъэмахуэм СССР-м щекІуэкІащ Юннатхэм я союзэс зэхуэс. Биостанц нэхъыщхьэм и егъэджакІуэ Дергунов Николай абы къыщыхилъхьащ Бзухэм я махуэр щІэрыщІуэ ди къэралым щыгъэувыжьын хуейуэ икІи СССР-м ар 1926 гъэм щагъэлъапІащ.

Абы иужькІэ ди къэралым и щІыпІэ псомэ къыщыуназуащ бзухэр зыдж щІэныгъэм - орнитологием - дихьэх ныбжьыщІэхэм я зэгухэныгъэхэр. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым Бзухэм я махуэр Мэкъуу и щІыпІэ псомэ щаІэтащ. Абы щыгъуэ а Іуэхум ныбжьыщІэ мини 5-м нэблагъэ хэтащ. ИужькІэ, 1928 гъэм, зи гугъу тщІы махуэм ди къэралым щызэхаща апхуэдэ щІыхьэхэм сабий мин 65-м щІигъу хэтат. Абыхэм бжэндэхъу абгъуэру мин 15-м нэблагъэ адэкІэ-мыдэкІэ щыпащІат.

Хэку зауэшхуэм и зэманым мы Іуэхур зэпыуат, арщхьэкІэ 1948 гъэм ар аргуэру къагъэщІэрэщІэжащ. Ауэ-рэ здекІуэкІым, 1953 гъэм зи гугъу тщІы лэжьыгъэ щхьэпэм евэлІащ школакІуэу мелуани 5-м щІигъур. Пэжщ, 20-нэ лІэщІыгъуэм и 60-70 гъэхэм дызытепсэлъыхь щІыхьэхум хуэдэхэр ирамыгъэкІыжьу «къаублат», арщхьэкІэ Урысейм и бзухэр зыжьмэнымкІэ зэгухэныгъэу 1993 гъэм къызэрагъэпэщар тегъэщІапІэ хъури, мы Іуэхум аргуэру зыкъыжьыжащ.

Тельыджэращи, 1999 гъэм Мэкъуу и школакІуэхэм къэлъэтэж бзухэм пащІэ абгъуэ Іэрыщ Іу 500-м щІигъу щагъэхьэзырат икІи ахэр мэлыжьыхьым и 1-м абы дзт жьыгъэм щыпагъэзэгъат. КъыкІэлъыкІуэ 2000 гъэм а къалэм и Правительствэм Бзухэм я махуэр гъэлъэпІэныр жьлагъуэ Іуэхуу къыІыпытащ. Иджы абы ди къэралым и дэтхэнэ щІыналъэми гулъытэ ин щыхуащ! Ди къэралым и куэд еджапІэхэм, орнитологием дихьэх ныбжьыщІэхэм я зэгухэныгъэхэм деж къыщызэрагъэпэщ къэкІыгъэхэм, псэущхьэхэм, зэрыщыту къатщтэмэ, дыжьэзыухъуреих дунейм хуэсакъын, гулъытэ хуэщІын зэрыхуейм теухуа зэхьэзэхуэхэр, щІыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щІыпІэхэм цІыкІухэр яшэ, зыщагъэпІытыхь.

Балигъхэмрэ сабийхэмрэ а махуэм зэІуэпэщ ящІ псыпщІэхэм щыпсэу къуалэхэм я хэщІапІэхэр, бзу зэмылІужьыгъуэхэм: бжэндэхъуэхэм, пащІхъуэхэм, нэгъуэщІхэми «унэ цІыкІуэхэр» жыг щудамэхэм, унащхьэ къуагъэхэм щыхупащІэ, Іусхэр зытракІута пхъэбгъуэхэр адэкІэ-мыдэкІэ щыкІэрагъэбыдыхь.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Банк Іуэху

Картэ мини 151-м щІигъу

Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» КъБР-м щиІэ и къудамэм 2021 гъэм и ялэ мазитІым кьриубыдэу ахъшэ къызэрырат картэ 1423-рэ къыдигъэкІащ. Ар илъэс блэкІам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 20-кІэ нэхъыбэщ. Псори зэхэту ягъэхьэзырац картэхэм я бжыгъэр мини 151-м щІигъу. «Улахуэ», «Пенсэ» тарифхэм тет картэхэр дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм процент 39-рэ, процент 22-рэ мэхъу.

«ДИ республикэм и цІыхухэм картэхэр нэхъыбэу кьызэрагъэсэбэпыр махуэ къэс зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр кьращэхунырщ. Банкым абыхэм Іэмал кьарет «Гъавэ» программэм хэтыну. Абы ипкъ иткІэ картэкІэ зэрыщІэхуа сом бжыгъэм и процент 1,5-рэ балл щыкІэу абыхэм я бонус счётым къигъэзэжьынущ», - къыхигъэщащ «Мэкъумэшбанкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

2021 гъэм гъатхэпэм и 1-м ирихьэлІэу къудамэм и улахуэ зэрат Іуэхутхьэбзэм пыщІащ Іуэхущапіэ 231-рэ, абыхэм я нэхъыбэр бюджетым ейщ. Мы гъэм кьриубыдэу иджыри Іуэхущапіэ 20-м щІигъу кьрашэлІэну я мурадщ.

Республикэм щолажьэ банкомат 33-рэ «Мэкъумэшбанкым» и хъыбарегъащІэ-щэхуапІэ терминал 16-рэ. Іуэхущапіэхэм POS-терминал 15 щыгъэуващ. Картэхэр къэзыгъэсэбэпырэ пщІэншэу ахъшэр къыщыхахыфынущ «Мэкъумэшбанкым» и банклэжьэгъуэхэм я банкоматхэм: Альфэ Банк, Райффайзенбанк, Росбанк, Промсвязьбанк.

КЪЭХЪУН Бэч.



ЕгъэджакІуэхэмрэ ІэпщІэлъапщІэхэмрэ я Іэзагъым кърикІуахэр

Москва щекІуэкІащ егъэджакІуэхэм я Іэзагъыр къыщапщытэ «Адыгэбзэр щрагъэдж дерсхэм щэнхабзэр кьыІэзыщІагъэсэбэп Іэмалхэр» зэхуэс кулЫдфІэр. Ар къыІэзрагъэпэщащ Президент грантхэмкІэ фондыр, анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэхэм я зэгухэныгъэхэр, ЦІыхубз хозяйствэхэмкІэ Урысей академиемрэ УФ-м и Президентым и деж щыІэ Хъэрэ Іуэхущапіэхэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыныгъэ Федеральнэ институтым ЛъэпкъмащІэхэм егъэджэныгъэм щІэ Іуэху зэІуэмыбзэхэмкІэ я щІэныгъэ-къэхутакІуэ центрыр я дэІэпыкъуэгъуу.

ЗЭХЫХЬЭМ и лэжьыгъэр щрагъэжьащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм. Абы хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр. Зэхуэсым и кьалэн нэхъыщхьэр зыхуэунэтІауэ щытар щэнхабзэм ехьэлІауэ егъэджакІуэхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэр анэдэлъхубзэр щрагъэджкІэ къагъэсэбэпыныр, еджакІуэхэр я лъэпкъыбзэм нэхъри драгъэхьэхыныр.

Кэнжэ кьуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и унафэщІым и къуэдзэ Балэ Людмилэ я зэхьэхьэм ирагъэблагъащ икІи абы утыку къыщрихьащ «Щэнхабзэмкіэ унэр школхэм я дэІепыкъуэгъущ» и проектыр. И Іуэху бгъдыхьэкІэхэр и щапхъэу, Балэр зэІуІэм хэтхэм яхутепсэлъыхьащ анэдэлъхубзэр хъума, лъэпкъыбзэр нэхъри хэІуцІыІу хъунымкІэ, абы зегъэужьын и лъэныкъуэкІэ егъэджэныгъэ, Іуэхум гуузэ лыуэ хузиІэ нэгъуэщІ жылагъуэ Іуэхущапіэхэм уаэрыдэлэжьэнум теухуа и еплъыкІэхэм.

ЩІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Іуэхущапіэхэм я егъэджакІуэхэм зэпеуэм щагъэлъэгъуащ анэдэлъхубзэр щрагъэджкІэ щэнхабзэм щыщ Іыхьэхэр кьызэрагъэсэбэп Іэмалхэр къыщыхьа я дерсхэм я видеонэтынхэр.

Зэхьэзэхуэм хэтахэм я лэжьыгъэхэм къыдэкІуэу я лъэпкъ фащэхэри утыку кьрахьащ. КъурихьэлІахэм гъэщІегъуэн ящыхьащ Тэтэр Іэминэ зэпеуэм щигъэлъэгъуащ анэдэлъхубзэр щрагъэджкІэ щэнхабзэм щыщ Іыхьэхэр кьызэрагъэсэбэп Іэмалхэр

Фэеплъ

«Батэр зыгъэш, шынэ зымыщIэ»

БАРЭСБИЙ сэр нэхъ рэ илъэс шыбжанэт зэрынэхъыжьыщ, си нэхъапэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъэтщ, еджэщ, епщэжри, и гъащIэри и дунейри щIэныгъэм хэту ирихьэкIащ. ДыщцэзрыщIыхуа махуэм щеджьыдуэ дунейм ехьыжьыкIэ ди зэхуаконыр ныбжьэгъуфIэ илъу, пэжагъ дэлъу, дыззгурыIуэу, щхьэж ищIэмрэ зыхищIэмкIэ дызэдзгъэшуэ дыкъызэдзгъэгъэщIыщ. Дызытелажьэ Iуэхугъуэкэр мащIэу зэщхьэщыкIми, ди къежьапIэр зыт - тIури дыфIологт. Барэсбий Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и факультетыр диплом плъыжькIэ кьиухащ, сэри зы илъэскIэ абы иужь ситу Адыгэ къэрал университетым адыгэзмрэ литературэмкIэ и кьудамэр кьесхьапIащ.

Барэсбий и гур щIэныгъэм хуеIэфти, кIыхь-лIыхь зримыгъэщIу СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и Академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым и аспирантурэм щIэтIысащ, 1973 гъэм лингвистикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хьащ. Щылъхуэ щIыналъэм кьигъэзэжа нэужь, кьиуэа университетым психологиемкIэ щригъаджэу 1987 гъэ пщIондэ лэжьащ. Абы иригъэджэуэ и Гъэгупэ кIуэца дэтхэнэми Барэсбий и жьыджэрагъыу щытар, и нэгур зэлъыIуахэр зыхэтым ахуэгуапэу, зыхуигъаджэм щIэрэ щIэныгъуэрэ хилъыхэн папщIэ, псалъэмакъ иригъэжьыжьыщ щатхъэхэр кьебэкIыу дерсыр зэрызэхиууанэу щытар нобэр кьыздэсым ягу кьагъэкIыж.

Егъэджэныгъэм здыхэтым, Барэсбий дэзыхьэх пэпкъ щэнхабзэм, социолинвистикэ икIи психолингвистикэ Iуэхугъуэхэм и щIыб яхуигъэзакъым, кьэхутэныгъэ иригъэкIуэкIыу щытахэри зэи зэпигъэкъым. Къыхутэм лъабжьэшхуэ зэраIэр, зыбгъэдыхэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэми кууу зэрапхрыплъыфыр Барэсбий нахуэ къыщIащ 1978 гъэм «Адыгэ щэнхабзэ» («Адыгский этикет») зыфIища тхыльыр дунейм кьытригъэхьа нэужь. Тхыльыр зыIэрымыкъым и мыгъэгъэу щIэупщIэшхуэ иIащ, ирикIыжьа къэмыхъуауэ, иужькIэ кьэхуар зытеужьыкIар а тхыльрауэ, БгъэжьнокIуэм Адыгэ Хабзэр щIэныгъэ утыкум кьрилъхьащ, абы пкъы зэриIэр, ар гъэпсыкIэ убзыхуам зэрытетыр Iупщ кьищIащ. Къэхутэныгъэм и пщIэр нэхъри лъагэу яIэтащ Урысейм щыIэ щIэныгъэлэжьым, ар лъэпкъ щIэныгъэм и зы унэтIыныгъэхэр къэлъытащ. Еши псэхуи имыщIэу Барэсбий щIэныгъэм хуэлэжьащ, зи мыхьэнэр къэлъытэгъуей монографие зыбжанэ и Iэдакъэ кьэщIэкIащ, дунейм кьытемыхьаурэ щыIэщ.

Тбилиси дэт Адыгэ центрым 2010 гъэм дыщрагъэблагъэм, тыгъэ кьэнтхуащIауэ щытат уасэ зимыIэ тхыльть. «Адыгэ» зи фIэщхьэ тхыльть фафIэшхуэм щызэхуэхьэсат щIэныгъэлIым и монографие зыбжанэ, дэтхэнэри акъылрэ губзыгъагъэкIэ гъэнщIауэ, лъэпкъым и псэкупсэ къэзгъащIыгъэхэм нэгуэщIынэкIэ, нэгуэщI гупсыскIэ урагъэплъу.

1985 гъэм БгъэжьнокIуэм «Зэпсэлькъэ хабзэкмрэ лъэпкъымрэ» («Культура общения и этнос») доктор диссертацэр пхигъэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щIэныгъэ лэжьакIуэ кIуэжащ. Барэсбий институтым и кьудамэ зыбжанэм я унафэщIу лэжьащ, 2007 гъэм и унафэщIу теуВэри, а IэнатIэр 2014 гъэм нэс иригъэкIащ. Институтым и унафэщIу тетауэ, Барэсбий и гуащIэри и зэфIэкIри иригъэлIащ абы и зыужьынныгъэм, щIэныгъэ зэпыщIэныгъэхэм зригъэбгъуащ, Iуэрыпуатэ икIи этнографие зекIуэ зыбжани зэхишащ. Лъжьыгъэм псэемыблэжьу бгъэдэт щIэныгъэлэжьым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыкъ зиIэ и пэжьыдыгъуэ щытар Дунейр бжьыхьэпэ уэфI дахэт Къэбэрдейм кьиикIыу Шапсигъэм ежьа экспедицэр Мейкъуапэ кьыщыдэлъэдам. А лъэхъэнэм институтым щымылажьэми, Барэсбий и къэхутэныгъэхэм щIыхур щыгъуаэз яхуэхъуат, щIэныгъэлэжьымэ мыбэджьэу ар яцIыхурт.

А махуэм хьэщIэхэм щызэхуэсам гухэтI къэтэкъыми, щэджагъэшхэм иужькIэ гъэзгу техьэжьну загъэхьэзыру щIадзащ. Бжьэдыгъум икIыу Шапсигъэм кIэ́ну арат зытрауубдари, зы кьуажэ дыкьэу абы щыпсэу лIыжьфызыжь зыбжанэ кьагъэпсалъэмэ зэрафIэигъэр кьыхагъэщащ. Щылъэхъэу Iэбу кьызэлъэIури, хьэщIэхэм хэгъэрей сахуэхъуащ, автобусымсадитIыхьэпи, гъэзгусадытехьащ.

Джэдыуаджэ Iэсхьэд и цIэр зэхэзымыха Адыгэ Хэкум щагъуэ искым. Ар кьуажэкIэ Аскьалэ щыщт. И ныбжьыр илъэс тIощIищым зэрыщыхьэдэха щымыIэми, лIыжькIэ уеджэну щымыгтми, нэхъыжьхэм кьабгъэдэхауэ лъэпкъ щIэныгъэщхуэ зэрихьэрт, зыхимыщIыкIрэ зыщымыгъуаэзрэ щIэпкъым жьыпIэну цIыку губзыгъэт. Си адэшхуэ КIуиикъуэ Мусэ сымаджэщым зы палатэ кьыдыщIэлъат Iэсхьэди, абы лъандэрэ нэуасэ дыз эхуэхъуауэ дыкьыззадекIуэкIырт. Ди адэшхуэр нэхъ хьэлъэ кьэхъуарэ дыщIыхьэщысым хуейуэ зы жэщ кьыщытхуихуэм, сыкьепэззэзх хъуащ. УщIалэмэ, жейм ебэныгъуейкIэ, сыкьещIэхуэкъуэх хъуэм, сытэджрэ псыр си нэIум щIэскIэуэрэ сыкьэтIысыжьырт. Апхуэдэуэрэ дапщэрэ екIуэкIами, зы зэман зэ гъунэгъу пIэм хэлъ лIы гъурыр къэпсалъэрэ:

- Сыт, щIалэфI, уи адэшхуэм пщIэнтIэпсыр къыпхихурэ? - жиIащ.

- Хьэуэ, - жысIащ, - адэуэ зиIэ цIыхум тесыгъэ тIэкIуи къыхэхуэнэ (ущиГъэлэзи къохъу).

- Уи псэльэкIэкIэ лIыжь-фызыжьхэм уабгъэдэсауэ фэ птетщ, - жиIащ лIым.

- Анэшхуэ диIащ, абы дыбгъэдэсащ.

- Сэ уи адэшхуэрщ жьыхуэсIэр...

- Уэрэ щIэж хъарэзынэ уиIэщ, - кьыхэзгъащ сэ.

- Хьэуэ, дэ апхуэдэ насып диIакъым. Ди адэшхуэр Хьэсанэ Сталиным и лъэхъэнэм «бандит» цIэр кьыфIащри, лажьи хьэкъи имыIэу Дубинскэ хьэпсым ирадзэри щаукIащ. Ауэ ди анэшхуэм и унэкъуэщ Фаджэ Шупашэ и хьэщIэщым щекIуэкI уэрэшрэхм кьэдрэ сахэдэIуэну игъуэ сихуащ.

Лым хъыбару кьиIуатэр имыухьыурэ нэхур кьэытещхьащ. Аузрэ, сымаджэщым апхуэдэ лIыжь Iущ зэрыщIэлъыр зэхэзыхьахэр кьакIуэм, хъытIысурэ палатэм щIэмыхуэжэ хъуащ. Иужьым, телевизорыр зыщIэт пэшышхуэм щIыхур щызэхэсрэ Iэсхьэд абы яшэу, ягъэуэршэру, Iуэрыпуатэжьхэр жраГъэIэжу хуежьащ. «Мы лIым хъыбарэр кьиIуатэ щыхьэкIэ, уи щIакIуэр пщащхьи, кьэпщIэнукъым», жаIэрт абы едаIуэзам, и уэршэрыкIэм апхуэдизкIэ зыIэпишэрти. Мис а Джэдыуаджэ Iэсхьэд дежщ хьэщIэхэр сшэну зытезыбыдари.

Аскьалэ дыIэсри, кьуажэ клубым дыкъыщыуыIащ. Клубым и унафэщI Цей Ерстэм си нэIуасэти, дыкъызытекIухьар щыгурызгъаIуэм, щIалэхэр къуажэм хигъэхьэри, лIыжьхэр къаригъэшащ. Абыхэм яхэтащ Емыжь Ибрэхьим, Джэдыуаджэ Iэсхьэд, Джэдыуаджэ Хьисэ, нэгъуэщIхэри.

МащIэкъым а пщыхьэщхьэм аскьалэ лIыжьхэм деж щатхъэкар Къэбэрдейм кьыкIа щIэныгъэлэжьхэм. Сыт хуэдиз лэжьыгъэ ирамыгъэкIуэкIами, кьызыдыхьар адыгэ кьуажэкъэ, дамыгъэкIыжьыну, жэщым кьагъэзэну кьыпаубыда щхьэкIэ, хьэщIэхэм ядакъым - зэры-Шапсигъэуу кьапэлъэу жаIэри, кьуажэм пщыхьэщхьэм дэкIыжахэщ.

Зы тхъэмахуэ нэхъ дэмыкIауэ Барэсбий телефонкIэ сыкьэтIэуэтащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар Аскьалэ дэмыкIыжауэ иджыри зэрыдэст, Iэсхьэд и бысыму абы деж щыIэт. Къэбэрдейм кьыкIа хьэщIэр махуэкIэ зэIэпахырэ кьуажэ псом яхэтт, жащкIэ и бысымым кьыхуаушжырт. Кассетэу къыздрихьэжьар зэриухар кьыжжиIэри, дэнэ кьиикми иджыри зыбгъупщI хуэдиз кьэзгъэуту хуэсщэну кьыслъэгъуащ. Зызмыгъэгъвэу кьаIэм сыдыхьэри, ныбжьэгъу-щауэгъэрэ нэIуасэ защIэкIэ кассетэхэр «кьызэхэздзэри», автобускIэ хуезгъэшащ. Барэсбий Аскьалэ иджыри зы тхъэмахуэкIэ дэсжащ, «и нэр и щIыбкIэ щыIащ» - жиIэпэ кьуажэр игу пымыкIыу кьыздэкIыжащ, кассетэ тIощI хъун лIыжь уэрщэр тритхауэ.

Iэсхьэд гууз иIэти, куэдрэ сымаджэщым кьакIуэрт. КъыщыкIуэкIэ, кьысхуиIуэхурти сригъашэрт. Барэсбий кIуэжагъащIу дыщызэIущIэм, мащIэу пыдыкьызыкIри кьызжиIат:

- Къэбэрдей ТIуащIэм кьикIа уи ныбжьэгъу щIалэм хьыбар кIэщIхэр нызимыгъэгъэсурэ кIуэжащ, хьыбар кIыхьхэм сынэсину игъуэ сиуакъым. КIуэ, иджы кьакIуэмэ, сызыхуэнэмысахэр иризгъэкъужьнкIэ си псалъэущ...

Барэсбий ар щыжеелэжьми, пыгуфIыкIащ, жиIами сигу кьыздриишеящ:

- Сэ Iэджж кьызэхэскIухьащ, нэхъыжь куэдми сабгъэдэсащ, адыгэ щIыналъэу сызднэмысари кьэгъэзытыгъуейщ, ауэ Iэсхьэд хуэдэ лIы Iущу, цIыху губзыгъэу сызрихьэлIар мащIэщ. Мазэ ныкIуэкIэ абы деж сыщыIати, пщэдджьжьым сыкъэнтэтысыщт, напэIэльащI хужьыр и куэщI игурэубгъэурти, абы и Iэр щIэдзауэ и хъыбарэр кьриГъажьэр зэкIэльыгъакIуэрт. Апхуэдэхьхуэр щэджагъуашхэр кьэсыщт. Шхэн зэрыдуэкIу аргуэру кьыхидзэжьрти, пшапэ зэхэуэгъэу пщIондэ и уэршэрыр иукъэдиИрт. Пщыхьэщхьэ хъуамэ, и хьэщIэщым кьекIуалIэ лIыжьхэм адыгэ псалъэмакъ дахэм пащэрти, жэщыр хэкIуэтэху аргуэру хъыбарэхэр зэкIэпагъакIуэрт. Апхуэдэуэрэ Аскьалэ сызэрыщIа зэманыр зэрыкIуэр сымыщIэу сызсхьащ...

Иужьрэ, Барэсбий селъэIури, Джэдыуаджэ Iэсхьэд кьыхуиIуэтэжа хъыбарэхэр зытет кассетэхэм трезгъэтхьэкIыжащ, Адыгэ хэку институтым и архивым хэттыхьажащ. ТхыдэIуатэм и фэеплъу, щIэныгъэзэжьыщхьэм и щIэину а кассетэхэм тет «хъыбар кIэщIхэр» архивым и дыщэ фондым нобэ къыдэIущ.

Барэсбий и цIэр адыгэ дунейм нобэ щIэныгъэлIкIэ хэIуащ. Пасэрей адыгэ зауэлIыр зекIуэ кIуэрэ кьуентхэуэ кьурихьэлIэр жьлэм яхуигъэшу зэрыщытам ещхьыж, Барэсбий и гуцхьэлэжьыгъэр кьызыхэкIа лъэпкъым ядиГъэшащ, адыгэм и мызакъуэуи, а лэжьыгъэм и жьауэр нэгъуэщI лъэпкъхэми ятридзащ.

И тхылъхэм зэ закъуэ мыхъуми IэщIэмыкIыу «Батэр зыгъэшу, шынэр зымыщIэу» жиIэурэ тхыгъэ кьэсхуритихэрт, уадыгэмэ угъэгъушхуэну. Барэсбий пщIэ кьыслхуищIащ, и кьэсхуащытыкIэ псоми пэжагъэр захуагъэрэ хэлъу кьыздызекIуащ...

КъыздызекIуащ, жьислэу сотх, тхэкIыжащи, нобэ къытхэтыжькъыми. Хьэлъэу сымэджами, лIыгъэ хэлъу и ажалым IущIащ. ЗэрыщымыIэжьр си гукъеуэу иджы сэ Барэсбий жесIэмэ сфIэигъэр мыращ: «Батэр зыгъэшу, шынэр зымыщIэу, ищIэр кьызэхэсIэ имыщIу, жьыи щIэи яжриIэн иIэу, жиIэнрэ илэжькIкIэ кьыльэщIыхьэ щымыIэу ди япэ ита нэхъыжьыфIым уи дунейр зэрыпхъужар, уэрэдимыIэжьыр дэркIэ гухэщIыщхуэщ. Тхъэм жэнт Iыхьлэ ущI, уи уэк кьинахэми щыIэкIэфI къарит».

Сэ бидзэу си фIэщ мэхъу Бгъажьнокъуэ Барэсбий и цIэр адыгэм зэрыщымыгъупщанур.

КъУИИКЪУЭ Асфар,
тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, жылагъуэ пэжьакIуэ.

ХъуэпсапIэм я нэхъыбэр театрым епхащ

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хъыдзэдж Борис и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

Лъэпкъым зи фэ ирапльэ, цIыхубэр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ артист гъуэзджэхэзкIэ адыгэ театрыр кьулейкIэ. Абыхэм уэрамым уащрихьэжьэн кьудыр гумахуэзэ, сценэм иту зэ плъэгъуамэ, я джэгукIэм хьэщыкъ уащIри, гъуэзджэншэу упсэужьыфыркъым. Дэрэжэгъуэ кьуат кьудейкъым, уи щхьэр льагэу уагъэлъагъуж. Апхуэдэ творческэ цIыхухэм ящыщ зыщ гъатхэпэм и 24-м зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Щоджэнцыкку Алий и цIэр зезыхьэ Iэсхьэрдей ьэрал драмэ театрым и актёр пажэ Хъыдзэдж Борис. Дэрэжэгъуэ щымыщIэну, узынишагъэ быдэ иIэну, ролыщIэхэмкIэ кьулеину, и щхьэгъуэсэ Iэсытрэ езымрэ зэкъуэту иIыгъ кьудкIэ зэдзапэкуну дохъуэхъу Борис, цIыхухэм гукъыдэжу яритар кьуэдкIэ гъэбэгъуауэ Тхъэм кьыбгъэдилъхьэж.

АРТИСТ Iэщ Iагъэм зэрыныбжьыщIэрэ - Iуэхугъэ кьыдыщIэжьа, Iуэхур кьыщежьари, ар еханэ кIасым щIэсу, Мысостышхуэ Пщыщ зыбгъэ зыхэт спектакль гуэр Борис зыщыщ Абей кьуажэм яшауэ щеплъэрат. ЩIалэ цIыкIуэ зэкIэлъ зэщIиубыдат ильэгъуэм Тегушхуэрэ Пщыщ зыбгъэ нэIуасэ зыхуищIащ икIи зэхуэтэжи щIадзэри, ныбжьэгъуфI зэхуэхъуащ.

И Iэщ Iагъэр езым кьыхиуэ, пIэрэ Хъыдзэдзэм? «Артист дунейм и Iупхъуэ кьуагъэм сыщыкъуэпльэм, а дунейм и хьым сихуащ. Зэрыхъуар мыращ. Еянэ классым сыщIэсу, урысыббзэмкIэ дезыгъаджэ Губэшы Амурбэч: «Аскьалэрэ Залымхъан и «ДахэнатГъуэ» пьесэр уиIэу кьэзыжаIащи, кьысхуэпхьыфын?», жиIэри кьызэупщIащ. ТекIуэныгъэ Иным и махуэ майм и 9-м ирихьэжу игъэувыну арат. Iэ жесIащ Акъсырэм и тхылъым заузэм теухуауэ «Дыгъэр кьыщыкIуэкIым» зыфIища пьесэ зэритар. Абы едэжри игъэувын щIидзащ. 10-нэ классым щIджэхэрэ ди классым щIэс Бесльэней Татьянэрэ сэрэт щыджэгунуэр. Роль нэхъыщхьэр - урыс офицер тIасхъэщIэхым и ролыр - зрита щIалэр къэмыкIуэурэ сэ сэ къызитыжащ ар Амурбэч, езым нэмыщI офицерым и ролыр кьыщIащ. Спектаклыр дгъэувари, афишэхэр едгъэщIащ, билетхэр ящэу районым кьыщетэкIат, екъуIэныгъэшхуэ ди лэжьыгъэм ильэ. ГуфбэщIу ильхэтIкIэ си япэ иту ГИТИС-м и режиссёр кьудамэм щIэтIысхьауэ щытащ», - игу кьэсхьыж Борис.

Игу ирихьу, щIэхъуэпсу кIуат, иджыри езы лэжьыгъэр фIыуэ ельатэу Борис. Ауэ иджыпсту артистхэр гулъытэншэу кьызэрынам, улахуэр зэрымащIэ дыдэм кьыхэкIыу тIэкIу гуитIщхьитIщ. Ауэ гукъеуэ псоми емыльытауэ, и хьэупсапIэм я нэхъыбэр театрыращ зэпхар.

Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэм театрым и дуней тельыджэм куууэ щыхашахэм ящыщщ Борис. Абы театрыр и нэгу кьызэрыщIигъэкIамрэ егъэджакIуэхэм студентхэм я пащхьэ кьраль хьэмрэ зэщIэкIыкIырт. ХъыдзэджкIэ зыхэта адыгэ студием и насып кьриихьэкIри, Вахтанговым и гъэсэну щыта щIыху зыщыпплым, Щукиным и щхьэгъуэсри яхэту, иригъэджащ. «Ар си дежкIэ школышхуэт. Таурыхъым ди хэтым хуэдэт дыщедж зэманыр», - жеIэ Борис.

Хэбдзын нэмыту гуп гъэзэджэ кьыхьыхьэжат гупыр. ДыщэкI КIунэ, ТIыхъжь Алий, Сонэ Мурэбий, Болэ Мурат, Токъуий Хьусен, Сибэч Быхуэ, Балъкъэр Калисэ, адрей артист гъэзэджэхэри хабзэкIи, нэмыскIи, актёр IэзагъэкIи узыдэплъеин защIэт. Театрым ехъулIэныгъэфIхэр зэриIар зи фIыщIэри а нэхъыжьыкIэрщ. Абыхэм яхэтыну, щапхъэ кьытраху, я чэнджэщ щIадзэIуну я насып кьриихьэкIащ артист ныбжьыщIэхэм.

«Кьэд иныгъщ цIыхур кьыззэрыпIущIэм. Дэ Москва дыкъыщыкIыжьам Ефэнды Джмылахъстэн дыкъриГъэкIэжауэ щытащ, ди республикэм и къэрал филармонием и симфоние оркестрыр щыгъуу, - игу кьегъэкIыж Борис. - Ар щIэдзэкIэ дахэт, Iуэхум ди тезыгъэгушхэт, цIыкубэр кьыззэрытхуэныкъуэр кьыдззэгъащIэт. Апхуэдэ дыдэу артистыр Iей хьуными фIы хуэными еджапIэ нэужьым зыхэхуэ гупым куэд елъытащ. Артист нэхъыжьыфIхэм щапхъэ кьатекIпмыныр гъуэзджэщ, уадэлпльеинфр фы дыдэщ, ауэ нэхъыбэ зэпльытар режиссёрыр зэрыларр хьэкъщи, апхуэдэу дызыдэлэжьа Iэщ IагъэлI нэсхэм я цIэ кьыслуэну сыхуейт. Апхуэдэу зэфIэкIыщIуэ зиIэ режиссёр бэлыхьт Тевэжж Сультан. Абы хуэдэу артистхэм бэз и лъэныкъуэкIэ ядэлажьэрэ ар зыгъэхьаблэзэрэ щыIауэ кьыщIэкIынкъым. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, иджыблагъэ дунейм ехьжащ Сультан, дыхуэарэзащ, и ахърэтыр нэху Тхьэм ищ. Тевэжжыр Урыс драмэ театрым ягъэкIуэри, Ерчэн Леонид дэ кьытхуагъэкIуауэ щытащ, роль хьарэзынэхэр абы дэсIащ. Я лэжьакIэкIэ, пьесэм зэрыбгъэдыхьэкIэ Ерчэнымрэ Тевэжьымрэ зэщхьэщыкIми (апхуэдэу кьыщIэкIынщ зыщытыпIэ нэужьри, цIыху кьэсхуу езым и хьэтI иIэжьпхъэщ), тIури режиссёр бэлыхьт. Апхуэдэуи сэ садэлэжьащ режиссёрэу Джэху Рэмэзан, Мысостышхуэ Пщыззбий, артисту си гъусэу еджэу ижькIэ режиссёр Iэщ Iагъэр зэзыгъэгъуэтыжахэу Шэрджэс Мухьэмэдэрэ Фыярэ Руслан-рэ, нэгъуэщIхэми.

КIэлъыкIуэри, режиссёр щIалэу Дэбагъуэ Роман кьытхьхьэжащ. Ар ди ужькIэ Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэм щеджа гупым щыщщ, илъэс 12-кIэ театрым актёру щылажьэри, итIанэ режиссёр Iэщ Iагъэ а еджапIэ дыдэм щызригъэгъэтыжаху. ФакультетитIри диплом плъыжькIэ кьиухащ. Режиссёр Iэ ззщ, абы игъэува «Удэым хэт пианинэ», «ХъуэпсапIэм и трамвай» лэжьыгъэ купщафIэкIэ нобэми театрелIхэм я гум ихуакъым. Дэбагъуэм апхуэдэуи игъэувад Горин Григорий и «Кин Епланэр», Куни Рей и «13-нэ номерыр», Нало Заур и «Iэфынэ и нэ фыщIитIыр», Миллер Артур и «Ахэр псори си къуэ пэльытэт» спектаклхэр».

Театрым щагъэувахэм ящыщу Борис гукъинэж щыхъуа спектаклхэр куэд мэхъу. Псалъэм папщIэ, къыщыкIуэжагъащIэхэм Сультан игъэува «ЩIыщIэ къэIэтар», IутIыж Борис и «ТырГэтэуэр». ЕтIуанэм и ролхэр апхуэдизкIэ зыхуэи хуэзэу итхат Бориси, я нэхъ къыщIежьар. «Чеховым, Шукшин, Думбадзе сымэ я рассказхэр зыпэсщI щыIэкъым. Романым кьыщIэзэщIамыкъуэф куэд къыщигъэльагъэуэт Думбадзе и рассказхэм, - кьыдДогуашэ и гупсысэхэмкIэ артистыр. - Абы «Пъы» зыфIищa и рассказыр ди лъэпкъым пэгъунэгъу дыдэу кьызэлъытэ, ар зэздзэкIыу инсценировкэ ещIыри аращ къызыхэхар. Апхуэдэуи Думбадзе ейуэ адыгэбзэм къизэтIэсащ «Анэ», «Дыгъэ», «КIуымыгъуэ» рассказэр, ахэр радиом и фондым хэлъщ, «Лъыр» радиом и мызакъуэу, телевидениэми фильм-спектаклу щIэлъщ. ЗэздзэкIахэм ящыщ Чеховым и «Ванька»-р, Афанасьевым и «Гумызагъэ» таурыхъщ, Горькэм и «Сказки об Италии» тхыгъэхэм щыщ, «ЕпцIыжакIуэм и анэр», нэгъуэщIхэри. Кьамбий Джафар кьыдигъэкIыу щыта «Адыгэ хэку» журналым тетащ зэздзэкIа тхыгъэхэм ящыщу Искандер Фазиль и «Адакъэ» сабий рассказыр, Туманян Ованес и «Фадэ зыфIэфIым и чеищIэ гъущыркъым» хъыбарыр. Псори зэхэту зы тхылъ, шэч хэмылъу, хъуну кьыщIэкIынщ зэздзэкIа-хэр».

Хъыгъэгушхуэ, хъыгъэгуфIы щымыIэу мы фыемми утетыфрэ?! Апхуэдэу Борис иIэщ кьыдалъхуахэр, сыт и лъэныкъуэкIи игъэгушхуэу, игъэгфIэу, и пэжыгъэри сыт и хуэдэ Iуэхури кьыдиIыгъыу кьыбгъэдэт и щхьэгъусэр, и ныбжьэгъу пэжэр. «Срогушхуэ, срогуфIэ илъэс мин бжыгъэ хъуауэ кьэгъуэгурыкIуэ, зи хабзэкIэ, нэмыскIэ, лIыгъэкIэ дуней псом щIэрыIуэ щыхъуа адыгэ лъэпкъым сыкъызэрыхэкIам» щыжиIэкIэ уэри гушхуэныгъэ кьыпхимыльхьэу кьанэрэкъым.

ГъащIэм ныбжьэгъу гъэунэхуп Iэ сригъэхуащ куэдрэ, нобэ сигурэ си щхьэрэ зэгъуэ схужьIэнчуэ ныбжьэгъуфIэхэ сызэриIэри.

- Ди нэхъыжьыфIэхэм хуэдэу, иджырей актёрхэри фIыуэ ельатэнщ, театрым спектакль гъащIэ-гъунэхэр, дерс кьызыхахынэр щагъэувыныр, ди щIыхуэм театрыр я кIуапIэу щытынщ, режиссёр бэлыхьэр диIэнщ си хуэзпсапIэщ. Ди щэнхабзэм игъэт пщIэр нэхъ лъагэ хъунми сыщIохъэпс! - кьыхуегъэщ Хьыдзэдж Борис.

Уи хьэупсапIэр нахуапIэ ухуэ, Борис! Ущышагъэ, гукъыдэж, дэрэжэгъуэ, роль гъэщIэгъуэн, нэгъуэщI узыхуей Iэджми ущымыщIэну Тхьэм жиIэ!

Епсэльар
ИСТэПан Залинэщ.

Миллер Артур и пьесэм кьытращIыкIа «Ахэр псори си къуэ пэльытэт» спектаклым Бейтыгъэн Жамболэт и гъусэу щоджэгу. *2018 гъэ*

Хъыдзэдж Борисрэ Дэбагъуэ Романрэ. *2018 гъэ*

Трам и къуэ Къэрабэ

Хьэрабэхэр зэшибл хъурт. КьызэдекIуалIэу зэщIыгъуу зэдзошэну зы жэщ-зы махуэ кьахуихурэтэкъым. Я адэ-анэм гукъанэшхуэ ящыщащ, зэгурыIуэхэри, махуэ гуэрым зэкIуэшиблри зэдэшхащ. «Мыр дэзыгъэльэгъуа Алыхьым кьурмэн дыхухъу», - жаIэри гуфIэхэщ. Жылэр зэхуаШэсри Iэнэ кьрахьэжьащ, тхьэлъэIуужри ящIыжащ.

Зыкъомрэ зэхэсауэ зэбгрокIыжхэри, унагъэр мэгъэльэIыж. Аузрэ нэху мащ. Пщащджьжьы хъуащ. Iэнэ кIэ, мобыхьэм я бжэр кьыуэхьртэкъым. Шэджагъуэр къос, пщыхьэщхьэри кьоблагъэ, ауэ я унэбжэр зэрыгъэбыдащ.

«Мыбыхэм зыгуэр кьащIыщIауэ кьыщIэмыуэкI», - жаIэу, бжэр Iуатхъэр щIыхьэмэ, яльагъур сыт? Адэ-анэр лIауэ щIэлъщ. Я кьуэ нэхъыжьымрэ я нысэ нэхъыжьымри аращ. Адрей я кьуэ-я нысэхэри - Къэрабэхэ псори зэтелIащ. Зы нану гущэм хэлъу кьыхэнати, бгыкъым пыль дзажэналъэжьым кьыпыткIу дагъэр и жьэм кьыжьэдэткIыэрт. Сабийр абы тепсэхIри, мылIэу кьызэтенаУэ арат.

Жылэм щхьэжэ ящыхъуащ: «Ярэби, сыты пIэрэ мыбыхэм кьащIыщар?» Иужькъэ: «Алыхьым кьахуиухар арагъэнщ», - тражыIыхьри, хьэдэхэр щIалъхьэжащ.

- Иджы мы щIалэ цIыкIур дауэ хъуну? ЦIэри хэт мыбы фIэтщIнур? - чэнджащэу зэхэтIысхьахэщ.

- Трам и къуэ Къэрабэ фIэдэгъэщI! - кьыхидзащ зыгуэрым.

- Хэт мыбы ин хъуху кьыщIыхьщIыжкIэ хуэхъунри зыпIыжьнури? - щIэупщIащ итIанэ. Абрэжьым зыпIкъэжкIащ. ХьэтIохъущохьэхэ Мыхьэмэт-Iэшэ жыхуаIэрат ар.

«Сэ срианэщщ абы, сэращ кьызытехуэр», - кьажриIэри, нанур абы иратащ.

Йоуэри, махуэ гуэрым зекIуэ екьэну гуп зэрогъэхъу.

- Дэнэ фыздэкIуэр? Сэри сыздэфщэ, - кьажреIэ мо щIалэ цIыкIум. Зэи зыщIыпмыкIуаэу, жьлэм дэмыкIауэ апхуэдэт иджыри.

- ЗекIуэ дыкьэнущ, пщыIэм дыдэкIынщ, - кьыжраIэ.

- Сэри сынэкIэнущ, - япеубыдащIалэм.

- Уэ иджыри уцIыкIыщ, уи акъыл тIысакъым.

- Хьэуэ, сынэкIэнущ.

Гупым щIалэр зыщIагъущ, пщыIэм кIэуэщ, зэхэтIысхьэхэри, ауэрэ я шхынбир яIэщIэхуха, я джанэ-гъэунэщхэр фIей хъури улэуащ, езыхэмэ гугъу ежьыи щIадзащ.

- Иджы, - кьэкIащ ягу, - Тыжьхэ Хъыджэбзыр Iей зыгуэр дгъэкIуэнщи, ди джанэ-гъэунэщхэр хуедгъэхьащ. Абы ахэр ижьыщIынщ, игъэущыщынщи, кьыстхуригъэхьыжьащ, гъэумылэнщи дищынкъым.

- Сэ сыкIынэщ абы, - жиIащ щIалэ цIыкIум.

- Уэ хуIэфынкъым.

- Хьэуэ, сыкIынэщ.

- Хъунщ-тIэ, - кьэзгъэ яутIыпщащ, жи, щIалэ цIыкIур.

«Мыращ-моращ, мыпхуэдэу сыкьагъэкIуащ», - жреIэ здынэсам.

- Хъунщ, Трам и къуэ Къэрабэ, - кьрет жэуап Тыжьхэ Хъыджэбзыр, иIыгъхэр Iехри. ИтIанэ джэд гъэва телъу, сэри дэщIыгъуу зы Iэнэ кьыхуэзэрегъэпэщри кьыхуэщIехьэ.

- Уэ мыхэр пшхыхукIэ сэри адрейхэр ззэгъэпэщынщ, - кьыжреIэ, бжэр кьыхуеущри щIокIыж.

- Гъэумылэри ислъхьащ, джанэгъэунэщджри ззэгъэпэщащ, жиIэу, хъыджэбзыр кьыздыщIыхьжам, иопIэри, джэдыр зэрыщIыту ишхат, жи, щIалэм.

- Иджы нэужькIэ Трам и къуэ КъэрабэкIэ сыноджэнукъым, - кьыжреIэ Хъыджэбзыфым апхуэдэу щилъагъум. - Джэдыкъ пфIэшэщ уэ.

Мыдрейри кьеуэри кьежьэжащ.

КъэкIуэжщ, куритар кьахуихьри, я гъэумылэмрэ я джанэ-гъэунэщджымрэ яритыжащ. Гупым ар икъуэкIэ я гуапэ хъуат.

Зыкъом докIри щIэрыщIэу джанэ-гъэунэщджжэр хьын хуей мэхъу.

- Хэт ихьын, хэт кIуэн? - щIоупщIэкэ аргуэру.

- Сэ схьынщ, - жеIэ щIалэм.

- Хъункъым ар, иджы нэгъуэщI зыгуэр ирекIу, - кьхуядэркъым.

- Хьэуэ, сэ схьынщ.

ЗдэкIуам аргуэру хъыджэбзым джэдыр кьэщIехьэ. Джанэ-гъэунэщджэр кьабзэкIэ зэрехуэкI, гъэмылэри хуэрелъхьэ. ЩIалэм иджы джэдыр ишхатэкъым, ауэ зэIихри Iэнэм кьэтринат. Арати, хъыджэбзым хуигъэхьэзырахэр кьещтэри кьожьэжь.

Хъыджэбзыр кьыкIэлъыгуоуащ, жи:

- Уэ Джэдышх, къэгъаз! Си щIыфэр Iэгу-Iэщ! зытемыIащ, кьабгъаззмэ, утеэгъэIэнщ, - кьыкIэльоджэ. ЩIалэм игъэзэн имыдзу къэкIуэжри, кьихьахэр гупым яритыжащ, мыдрейхэри абы щыгуфIыкIащ.

Ещанэу аргуэру кIуэн хуей мэхъу.

- Иджыри сэ сыкIуэнщ, - жеIэ щIалэм.

- НэгъуэщI зыгуэр ирекIуэ.

- Хьэуэ, сэ сыкIуэнщ.

- Хъарзынэщ, - кьрет жэуап.

Аргуэру Iэнэ хъуэзэтригъэувэщ, «уэ шхэ» кьыжриIэщ, бжэр кьыхуищIри щIэкIжащ. ЩIалэм и ныбэ из ещIри зызэпелъэщIыхьащ. Хъыджэбзым кьуритынухэр дахэм хуэдэу егъэхьэз

● Псалъэжьхэр

Узэрыгугъэу ухъутэмэ, уунэхъурэт?

- Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щылІыхъужьщ.
- ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым.
- Абрэмывэ пэт зы пІэм илъкъым.
- Бгъэплъыщэмэ, мывэри зэгуоуд.
- Бжэн щынэ къилъуркъым.
- Дахэу ябз дахэу ядыжыркъым.
- ИкІута из хъужыркъым.
- Мыгъуащэрэ щымыуэрэ щыІэкъым.
- ПащІэм къимыкьыр жьакІэм къихьыжыркъым.
- Узэрыгугъэу ухъутэмэ, уунэхъурэт?
- Хьэм вакъэ хуэпщІмэ, лъешхыкІыжк.
- Іэзэгъуэ зимыІэ хущхъуэ щыІэкъым.
- ЩІэм исар шхум йопщэ.



● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Ашихарэ-каратэмкІэ дунейпсо чемпион, Зеикъуэ къуажэм щыщ щІалэ Сэбаншы Мурат. *2005 гъэ*

● Іуэрыіуатэ

ШукІасэрэ щауэмрэ

Зы щауэ гъуэгу техьауэ, жэщ къытехьуэри, жэщыр мэз щІагъым щрихьн хуей хъуащ. Шым уанэр трихщ, мафІэ ищІри, гъуэлъащ, щІакІуэр зытриубгъуэри.

Жэщыбг хъуауэ, мафІэм зы шу къыбгъэдыхьащ. Шур епсыхащ, мафІэр зэщІигъэстыжри, щауэм и нэгу къыщІэплъащ. Щауэм зигъэхъеякъым, жей нэпцІ зищІауэ щылъщ: «Мы шум ищІэнум селпъынщ», - жери.

Шур мафІэм заулрэ бгъэдэсри щІалэм къеджащ:

- Уи шым уанэ къытелъхьи, си ужь къиуэв.

И шым уанэ трилъхьэжри, щауэр шум и ужь иуващ.

Шур мэзым щІыхьащ, нэху щыху къыззтеувыІакъым.

Нэху щауэ, санэ жыг ирихьэІащ. Шур епсыхащ. Шур щепсыхьи, щауэри епсыхащ. Мзэ нэщІ щІэтащи, шур санэм еІусакъым. Щауэри жыгым дэІэбеякъым.

Санэ жыгым бгъэдишьжри, шум щауэр иришэжьэжащ. Жэщищ-махуищкІэ къришэкІауэ, зы гъэхъунэ деж къыщыувыІащ шур.

- Сэ къэзгъэззэкьуу мыбдей щыт, - къыжриІэри шур іукІащ.

Заул дэкІауэ шум къигъэззэжащ, щауэр зэдзэкъэн къихьри.

- УзгъэмэжэлІащ, шхэ, - къыжриІащ шум.

Игъашхэри иришэжьэжащ. Здэкіуэм псы ирихьэлІащ. Псыр кьиуауэ, нэри пэри ихьырт.

- Псым дикІын хуейщ, - къыжриІащ шум. - Уи шым сыт и лІыгъэ?

- ДикІын хуеймэ, дикІынщ, - жиІащ щауэм.

Псым зэпришри, куэд ямыкІужу, чо лъагэ ирихьэлІащ. Шур щІопщкІэ теуІуэри, куэбжэр зэІужащ, пщІанТІэм дишэри, шум щауэр зэхьэщыщ иришащ.

ХьэщІэщым пщащэ тхьэІухуд къихьащ, Іэнэ кірихьэри. Іэнэр ирахьжа нэужь, бысымым жиІащ:

- Уезгъэшащ. Зыгъэпсэхунщ жьпІэмэ, зыгъэпсэху.

Езыр ирахьжа нэужь, бысымым жиІащ:

Щауэр жейм езэгъакъым. Жейм щемызэгъым, хьэщІэщым иКІащ: «УкІыпІэ сыкърашами сщІэркъым - зыкъэсплъыхьынщ», - жери.

Щауэр зэщыкІэ кІуащ. Шы пщІэгъуалэ ес щІэтт зэщыщ, и тхьэкІумитІыр дзасэ хуэдэ. Пщ1эгъуалэ есым итхьэкъуауэ, щауэр хьэщІэщым ихьэжащ.

Нэху щыри, бысымыр ихьыкащ.

- ПщІэгъуалэр уигу ирихьа?

Щауэр зэщыщ зэрыщІыхьам гу лъитат бысымым.

- Ирихьащ, - жиІащ щауэм.

- Жэщ къыптехъуауэ мэзым ущыщІэсым мафІэм сыныбгъэдыхьэри, ущтэн си гугъами, ущтакъым. «Шым уанэ къытелъхьи, си ужь кьиувэ» бжеІати, псалъэ кьыхэбгъэкІакъым. Псыр кьиуауэ дыкъыщрихьэлІэм, «дикІынщ» жысІати, «хьэуэ» жыпІакъым. Жэщищ-махуищкІэ укъесшэкІри си хьэщІэщ укъисщащи, си цІи си щхьи укъыщІэупщІэркъым. Сэ сызыпІхьуэр уэ пхуэдэ мафІэхъэщ: хьэщІэщым Іэнэ кьиэзыхьар си шыпхъущи, узот. ПщІэгъуалэ есри ууейщ. «Ухэт, хэт ущыщІ?» жыпІэмэ, нартхэ сащыщщ, нарт ШукІасэ жыхуаІэр сэращ.

ПщІэгъуалэ есым щэсщ, и шыплІэм нарт ШукІасэ и шыпхъур кьыдиГъэтІысхьэри, щауэр и гъуэгу техьэжащ.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Сурэт

Куэд щІауэ зэздзэкІыжа хьэпшып гуэрхэм къахэзгъуэтэжа сурэтыр зэпызоплъыхь. Зэманым си фэри зи теплъэри дыдэуздам изгъуэтэжыр уи нитІырщ. Дауэ сщыгъупщант а тІур?! Вагъуэхэм я пІэкІэ нэхэр уафэгум кьыщагъэхутами, тынш дыдэу ууейхэр къахэзгъуэтэжыфынти! СощІэж си нитІым къащІэжа нэпсу абыхэм ятелъэдар зыхуэдизыр. Аркъудейрт - суэрэтырт уэ пщыщу уигу схупыкІыгъар. Ауэ ари сфІэнасып цыкІутэкъыми, зззгъэзахуэурэ зризгъэкъурт. ЩызигуфІэгъуи гуныкъуэгъуэ сыщыхэти сщІыгъут. Дауэ сыкъибгынэнт - щхьэхуимыту махуэм си гум пэгъунэгъуу кьесхьэкІырт, жэщкІэ си пІэщхьагъыр гъэтІылъыпІэ хуэсщІыжырт.

Си гуфІэгъуэу, си насып кІапэу схъуматщ куэдрэ, куэд дыдэрэ, езыр-езыру лъэныкъуэ езыкъу. Иджы, соплъри, игъащІэм си Іуэху хэмылъэми ярейуэ спэжьжьащ, си хамэщ. Пэжщ, си блэкІам щхьэхынэ-щхьэхынэу сыхагъэджьхьыж, ауэ зыкІи си гум кьеІэжьыфыркъым, си псэр ягъэпІейтеифыркъым а нитІым. Малъхъэдису ІэщІагъэкІуэсыкІам ярейщ Іэфіагъэу ящІэлъар. Ауэ си фІэщ сщІыну сыхуейкъым а тІум си гум ирадзу щыта лыгъей мафІэм кьыщІэщщэ яжьэр лъэужьыншэу жьым ирипхъэнкІыкІыжауэ. Арауэ кьыщІэкІынщ си нэпсри схуэмышыІэу кьеэзыгъакІуэр. Ауэ сыткІи сэбэпыж ари, сыткІи хуэныкъуэ? Куэд щІащ ар нэпс шыугъэкІэ псыхьа зэрыхъурэ. Иджыкіэ нэхъыщхьэ зыщ - сыт есщІэн хуейр зэрыщІыкІэ къыкъуэкІыжа сурэтым? Зыхуэмеижь тхыпымпІэжьым и гъэгум тезгъэуэвэну? МафІэм пэрыздзэну? Хьэмэрэ...

Дауи гукъэкІ сщІыхха а псор, нэлатым я нэхъ Іейр кьыстехуэни! Сэра сытми зи фІыщІэр ар иджырей кьиэзрысар - ди Тхьэшхуэрщ. Сурэтыр схуихъумэкІэрэ зэкъуэту сыкъаХъумащ тІуми - насыпыр гъунэгъу кьыСхуащІу, гукъыдджым сыщамыгъащІэу, гуныкъуэгъуэ зэхуэмыдзкэр спэІэщІэ ящІу. Иджы, хэт ищІэрэ, гъэунэхупІэ сихуагъэнкІи мэхъу. Дауэ сегуэуэн апхъэдзэрэ сыкъэзыхъумам, зи нур кІапэ сызытетам?! ГъащІэ хьэкъыу зыхуэзгъэуэвыжьыпхъи схуэзфІэкІыхукІэ, си кьару пэлъэщыхукІэ, си акъылым кьитІэсэхукІэ схъумэжьну - гъэпщкІуэрэ, щІащІауэ, сыхуэгумащІэрэ згъафІэу, зэпыслъэщІыхьрэ сытешынхьу.

ЖАМБЭЧ Рабия.

● Сатыр пІаскІуэхэр

Зэрымылъ пэ лъагэм

Уи щхьэр уэгум кьыбокІуэк етауэ,
НапщІэр хошыр, зыбогъэцыр
Уи пэщхьэным псори кьилъэтауэ
КьыпфіэщІыжу делэу кьыщІогъэдзыр.

Дыгъужьым

Іурилъэфынт хьэм и жьэм банэ:
Хьэр сытым дежи и тІэхьуфэхъущ:
Зэрыхъуу чэтым и гъунэгъу,
Ар кьуэгъэнапІэм кьыщобанэ.

Гущтэ зыщІам

Зы хъарбызыр ІитІкІэ фІэкІ къимыщтэ,
ЗэрыгагъэщІрэ хъарбызитІым гущтэ.

ДЖАТОКЪУЭ Юрэ.

● Гуащэ

Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщІэт, мэлыл, джэш, кІэртІоф хэлъу

Мэлылыр яупщІатэ е зэпауд г 100 - 150-рэ хьууэ, псы щІакІэри ятхьэщІ. Лыр шыуаным иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри мафІэ иным тету зэ кьытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ. МафІэр цІыкІу ящІри дакъикьэ 20 - 25-кІэ ягъавэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ. ИтІанэ абы халъхьэ джэш нькъуэвэ, шыгъу хадзэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету дакъикьипщІ-пщыкІытІ хуэдизкІэ ягъавэ. Абы халъхьэ щимэ цІыкІуурэ упщІэта кІэртІоф, шыуаныщхьэр трапІэжри, хьэзыр хъуху ягъавэ.

Хьэнтхъупсыр хьэзыр хъуным дакъикьитху-хы фІэкІа имыІэжу бжьыныху-шыгъу, шыбжий сыр халъхьэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым джэдгын хаудэри, и щхьэр тепІауэ дакъикьи 5 - 6-кІэ щагъэт. Пщтыру фалъэ кууКІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ, чыржын, пІастэ щІыІэ дашх.

Халъхьэжр (зы цІыху Іыхьэ): мэлылу - г 150-рэ, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 600, джэшу - г 30, кІэртІоф укъэбзауэ - г 50, бжьыныхуу - г 20, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдизэ.

Шэ щІэгъэпщтхьа

Пщыхьэщхьэшэр ярэи, зы сыхьэт хуэдэкІэ ягъэпщт. Шэр къыдэкІуейуэ зэрыхуежьэу кьытрах, щІыІапІэ ягъэуври, нэху кьрагъэкІ. Пщэдджьжьым шэм и щхьэ тедиикІар пхъэ бжэмышхкІэ кьытрахри, цІыху къэс тепщэч щхьэхуэкІэ хутрагъэувэ. Мэжаджэ, чыржын хуабэ дашх. Шэ щІэгъэпщтхьам кьалмыкъ шей, шатэкІэ зэхэщІа хьэцІабанэ шей трафыхьэж.

Нэхъыбэрэ щІагъапщтхьэу щытар хывышэщ. Ар Іувщ, маещ.

Халъхьэжр: шэ щІэмыхуу - л 5.

Абы шэ щІэгъэпщтхьаэу кьыхокІ - г 500.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьілъым къитхьжащ.

● Гушыіэ

ПщІыхьэпІэ

Лъэпкъым кьихъуа фызышэ хьэгъуэлІыгъуэм и курыкупсэм жэщым хэта Асльэнбий жейм емызэгъыу кьыщІэкІри Бакьсэн бжьэпэ щыхэхэзекІуэщ абы, щыщІыхьэжым и анэр бжэблыпкъым итт.

- Сэ фадэм сигъэжеркъым, ди анэ, уэри сыт уи лажьэр? - жиІэри, и анэм зришэкІащ Асльэнбий.

- Сэри пщІыхьэпІэм сыкъигъэушащ, щІалэ. Уи адэр си нэгу щІэкІащ.

- Хьер ухъу. Жьіэт.

- Уи адэр зэрылІэрэ мазэ пщыкІузрэ махуищрэ нобэ мэхъу. И илъэс кьурІэнаджэм иригузавэу ара мыгъуэу пІэрэ кьыщІысхуэкІуар е сэ сишэжьину ара?

- СлІо, ди анэ, кьыбжиІар?

- Зыри кьызжиІакъым. Моуэ а мэтэцыч зэгуэтым хуэдэм тесу кьэкІуэжа хуэдэт.

- Ахьа. Кьэкіуэжат, жоІэ.

- АтІэ. Кьэкіуэжат.

- Зегьэкіуэкіэ ищІэу щытакъым, дауэ хьурэт?

- Алыхь, тесу кьалъхуа фІэкІа умыщІэну,Іэзэу зэригъакІуэтам.

- Уэлэхьи, ди анэ, абы щыгъуэ уи пхъэр кьикІамэ уэ.

- Сыту щІалэ?

- Зи сытыраци, илъэс иримыкъум ди адэр мэтэцычым щытетІысхьэфакІэ, уэ ущыкІуэжьи ирихьэлІэу «Жигули»-м зэритІысхьэнум шэч хэлъкъым.

Анэм и пщІыхьэпІэмрэ щхьэм и гушыІэмрэ кьуажэм хэз хьри, нэгуэщІ пщІыхьэпІи тралъэгъуащ.

Асльэнбий жейм езымыгъэзэгъам тхъуэплъ кьищІауэ жэщыбгым кьэкІуэжа Топаши и анэр бжэблыпкъым иту кьрихьэлІэжащ.

- СлІо, ди анэ, жейм уемызэгъыу ара, сэ укъыСфІэнэну укъыСпэплъэрэ?

- Хьауэ, щІалэ, сыпфІэнэни си лажьэкъым. Уи адэр пщІыхьэпІэу слъагъури сыкъигъэушащи, сыжеифыркъым.

- Хьер ухъу. Ефащ жиІэу сэр щхьэкІэ шхыдзу кьыщІэкІынт.

- Хьауэ, уи Іуэху зэрихуакъым.

- Сыт зэрихуэжьи иджы. Щыпсэум зэфІигъэкІащ.

- А делагъэр жумыІэ, щІалэ.

- Сэ жьзымыІэкІэ, жьлэм ящІэрыСэ ар...

- Сыт-на, жьлэм ящІэу уи адэм къуищІар?

- УмыщІэж щхьэ зыпщІрэ, ди анэ? А кІэнавэпсым сыщыхэхуам жиІар-щэ?

- А делэжь мыгъуэ, дунейм тет си къуэр кьыхэвмыхыу псым евгъэтхьэлэ жызыІэн адэ? ХьэтІохъущыкъуэм ущыкІуэжьи ирихьэлІэу «Жигули»-м зэритІысхьэнум шэч хэлъкъым.

- Хьунщ, уэ, дауи, аращ укъызыщхьэщыжьынур. ЖыІэ пщІыхьэпІэу зэрыплъэгъуар.

- Зэрысльэгъуаишхэу мыгъуи щІэзкъым. Моуэ лъакъуэрыгъажэ тесу кьэкІуэжа хуэдэт...

- И-и?! Лъакъуэрыгъажэ, пІа? Догуэ, Асльэнбий фІэкІа номыр зимыІэм и адэр мэтэцыч зэгуэт тесу кьыщыкІуэжьым, ди адэм лъакъуэрыгъажэ фІэкІа имыгъуэтауэ ара?! Асльэнбий и адэм зы жэмыщІэжь цІыкІурэ зы танэ гуурэ хуиукІамэ, сэ си адэм жэмыбгъэ пшэритІрэ гуу домбеитІрэ хуэзэукІакъэ? Уофэ, жери, псэуху сыкърихуэжІащ. Иджы езым ефэн кьыщІидзащ, армыхъумэ дэнэ а кьомыр здихьар, зы лъакъуэрыгъажэ фІэкІа кьыхимыгъэкІыу? Уэлэхьи, ди анэ, бдз-умыдэми, ди адэм и Іуэхум зыгъэр щыщІэм.

- А, делэжь мыгъуэ, узижагъуэм и пщІыхьэпІэ кьыпхуиуІуатэ уэ, сызэхищІыкІынщ, жиІэу...

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. ... теха ноужь, кьэбыр нэхъ Іэфі мэхъу. **3**. Мэжаджэ, чыржын, хьэтыкъ, ... **5**. Іэщ щІэтыпІэ, жэмэщ. **6**. Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжь Кьамбий Мухьэб, еджагъэшхэу Думэн Хьэсэн, тхыдэдж, тхакІуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий, журналист, тхакІуэ Гъэунэ Борис сымэ я кьуажэ. **9**. Нарт фызыжь Уэрсэрыжь и фыгъэкІэ Лъэпщ кьигупсыса Іэмэпсымэ. **10**. Лъахъстэн вакъэ пІащІэ. **11**. МафІэс ин. **15**. Дин лэжьакІуэ. **17**. Мыщэ ... е къаз ... **18**. Мэ гуакІуэ кьызыхих тКІуатКІэ. **19**. Дыгъэр кьухьэн ипэ ящІ нэмэз. **22**. Пщэ гъум. **24**. Шым и фэ, и теплъэ. **26**. ПыІэ е нэгъэущІ хьэпшып гуэр щащІкІэ кьаГъэсэбэп щапхъэ. **27**. Спорт лІэужьыгъуэ: абыкІэ Шыхъуэ Борис дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм чемпион щыхъуащ. **28**. Іуэху мыублэ ... хэсщ. **29**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхуб художник. **30**. Дунейм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэ Эверест къэзыгъэІурыщІа адыгэ бзыльхъугъэ ... Каринэ.

Къехьу: **2**. ХупщІынэр абыкІэ яГъэтэжь. **3**. ЗыгъэпскІыпІэ. **4**. Унагъуэ кьулейм я ІуэхутхьэбзащІэ. **5**. Адыгэ пелуан: Лондон щекІуэкІа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм ещанэ щыхъуа, иужькІэ ялпэ увыпІэр зратыжа Махуэ ... **7**. МахуэщІэ. **8**. Къашыргъэ лъэпкъыгъуэм щыщ къуалэбзу. **12**. Сталиным и зэманым НКВД-м и Іэтащхьэу щыта, Хрущёв и хьэгъэщагъэкІэ зи судыр укІкІэ ящІа ... Лаврентий. **13**. Шым епсыхьу ... шэсыркъым. **14**. Уафэ лъащІэм щызеджадэ «бжьэхуц» гуартэ. **16**. Іэпсльэпсым щыщщ. **20**. ... зэрыхьэ бей мэхъу. **21**. Хадзэкі. **23**. ЩІэныгъэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ КъБР-м и министр ... Анзор. **24**. ЩІэкІ кьыызыхащІыкІ къэкІыгъэ. **25**. Хэку зауэшхуэм и зэманым партизанхэм бийм хьэлэчыпцІэ зэрыхалъхьэу щыта Іэщэ. **26**. Хьэбэрдейм фІыуэ къыщацІыху Іэджэ ди ... кьыдэкІащ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Гъатхэпэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Акъыл. **6**. Шухъэ. **8**. Арэф. **9**. Іупхъуэ. **10**. Хьэфэ. **11**. Набжэ. **14**. Тхьэгъу. **15**. Вы. **16**. Кьебэ. **18**. МутІэ. **20**. Хьэ. **22**. Зым. **23**. Уэз. **24**. Таж. **27**. Дыжь. **28**. Пхъужь. **29**. Пыжь. **32**. Сэхъу. **33**. Чей. **34**. ПІыжь. **37**. Кхъухь. **38**. Джэду. **40**. Кьуэпс. **41**. Хьэ. **42**. Кьулыкъ. **44**. Кьемэт. **46**. ПакІэ. **47**. ХьэуэкІ. **48**. Деур. **49**. Хьэлэ. **50**. Тхьэв.

Къехьу: **2**. Кьарэмырзэ. **3**. Лажьэ. **4**. Пэгун. **5**. ІупщІэ. **6**. Шэнт. **7**. Хьэжэнгъэжжэ. **12**. Жэ. **13**. Жэм. **17**. Бо. **19**. Уэ. **21**. Псыхъурей. **25**. Яжь. **26**. Ябэ. **30**. Псыхьэлыгъуэ. **31**. Бжьыхьэкіапэ. **35**. Уд. **36**. Уэ. **39**. Уае. **40**. Кьуэрэ. **43**. Кьущхь. **44**. Кьацу. **45**. Тхуей. **46**. Парт.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокьуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, НэщІэпыдзкэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; узыншагъэр зыхъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтэ Іыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Жылаэ Заурбэч**, *корректорхэру* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Нэужькьуэ Зарэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютерхІэ лэстым и теплъэр яцІащ* **Дол Марин**э, **Мэлбахъуэ Анжелэ**, *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1912 ● Заказ №715